

Pembantoe sareng  
agen:  
Priangan kelon  
Bestuur Pasoendan  
Bogor.  
  
di Tjandioer  
Bestuur Pasoendan  
Tjandioer.  
  
Priangan tengah  
H. B. Pasoendan  
Bandung

# SIPATAH OENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun, koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dituluk di Soekaputra dikkerei Tasikmalaja.

LANGGANAN.	
3 sash	f 1,50
Dibajer si pajoca. Salambar 15 sen.	

Redactie:  
Heerenstraat 31.  
Administratie:  
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redactie:  
SOETISNA SSENDJAJA  
ATMAWINATA  
Redakteur: Si Batawi  
SOERIADARADJA.

Directie: Administratie:  
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:  
1/10 katja f 2,50  
1/32 " f 1,50  
Sakali moeat  
Langganan langkoeng mirah.

## Benoeman lid Volksraad.

Pilihan reogrengan Volksraad bangsa Priboemi, bangsa Walanda sareng bangsa asing ajeuna parantos rengse. Oerang ajeuna tiasa nimbang-nimbang koemaha lojogna (richting) Volksraad 1927-1931. Di kieskring Pasoendan dijago-dijago P. E. B. bangsa Priboemi teu saja noe iasa njangga poelia bangsa Vrijzinnig noe oenggal. Siga-siga koe lautarau di Pasendan parantos diajaan Raad Kabeopaten noe garadet bak milih teh langkoeng noeroetkeu; kabajangna batan ka poengkoer, keur noe milih lid Volksraad teu oja eta lid-lid Gewesteluke Raad teh meh sadaja Dalem. Djadi oe.ang harita teu kedah heran deui oepami noe kapilih seuseurna bangsa pangagoeng noe lojogna ka kaum sanah.

Di Djawa tengah noe kapilih sareng bangsa Vrijzinnig dijago Boedi Oetomo djr. Koesoema Oetojo Dalem pangsoen Djapara. Noe saunes deui mah dijago P. E. B. Priboemi noe oenggoel djadana.

Di tanah karaton (Vorstenlanden) noe kapilih djoeragan Hadiwidjaja. Doeke teu terang ka mana lojogua ieu lid.

Di Djawa Wetan kapil P. E. B. sareng kaum Virginis ngan oekoor gedeg.

Djisim koering gadoeh kapertjanteun oepami di Djawa Tengah sareng di Djawa Wetan parantos diajaan Raad Kabupaten P. E. B. teh roepina moal padjeng deui, margi P. E. B. teh di oerang Priboemi mah katjida teu dipikaresepna, koe margi roepina parantos katempong teuing tambaga waktos Toean Tiedeman sareng Toean Talma di Soerabaja vergadering. Daish aja oge bidji doea oerang Priboemi noe djadi lid P. E. B. roepina teh sanes koe lantaran katarik koe kajakinan, nanging roepina teh soegan sareng soegan bae aja paang-harepan kapingbueri kenging raos amis. Malah aja oerang Priboemi noe djadi lid P. E. B. nanging teu kersa waktja, roepina teh oja eta ngaraos lingseun diéka koemaha.

Kekenginan piuhan lid-lid Walanda? Loemajan P. E. B. sareng I. E. V. Sami-sami ngagembol 7 sareng 6, ngan katjotjeng ka kaum Vrijzinnig 1 oja eta T. Kerkkamp asteng kaum Katholiek bidji oja eta T. Schmutzter.

Ajeuna oerang balikan deni kacm naou seuseurna di bangsa Priboemi noe kapil? Tjek koering seuseurna Dalem atanapi rada sed ka bandip golongan B. B. Tjobi bae di poelo Djawa noe sanes B. B. atanapi Dalem teh ngan djoeragan Otto Soebarta sareng djoeragan Pandji Soeroso. Noe sanes deui mah. Dalem sareng Pangiran.

Nja kitoe deui lid ti loear poelo Djawa seuseurna mah golongan B. B. bae sapertos Datoek kajo ti Padang Pandjang, Mandagi ti Celebes Tjokorde Soekawati Bai: Noe sanes B. B. teh oetoesan poelo<sup>2</sup> Maloekoe sang Dr. Ratulangie ti Menado.

Sanes pisan djisim koering ngahoe roen soelohkeun ngompet daoenkeun atanapi teu pertjantem kara lojogna atanapi kana oedagananana, ka Dalem teuh ti eta, margi apan di Dalem oge

Moé kapilih.

1. A. J. N. Engelberg (P. E. B.)
2. F. H. de Hoog (I. E. V.)
3. Mr. H. 's Jacob (P. E. B.)
4. F. H. K. Zaaijberg (I. E. V.)
5. B. Roep (P. E. B.)
6. J. van der Weijden (I. E. V.)
7. Dr. R. A. A. Faijn (P. E. B.)
8. Mr. P. A. Bladé (I. E. V.)
9. C. H. M. H. Kops (P. E. B.)
10. F. H. Z. ydel (I. E. V.)
11. L. A. Snel (I. E. V.)
12. G. J. Zuiderhoff (P. E. B.)

Djadi ti antara nof 15 teh, 12 kabagikeun ka P. E. B. djeung I. E. V. genep sewang. Ari ti tiloe-deui nja eta:

1. J. W. Meijer Ranfeit (wakil B. B.)
2. Dr. J. Schinatzer (wakil Katholieke)
3. H. C. Kerckamp (wakil N. I. V. B.)
4. Ari ti bangusga Tiong Hoa noe kapilih:
5. H. H. Kan (P. E. B.)
6. Yo Heng Kam (oge P. E. B.)
7. Khow Kim An (major bangsa Tiong Hoa di Batawi).
8. Kaom priboemi noe kapilih di:
9. Bali: Tjokorda Gde Raka Soekawati (P. E. B.)
10. Maloekoe: B. D. J. Apituleij (dikanditatkeno koe C. E. P. djeung P. E. B.)
11. Celebes: P. A. Mandagie (P. E. B.)
12. Dr. G. S. S. J. Ratu Langie (Perserikatan Minahasa).
13. Djawa tenah: R. T. A. Sosrohadidjojo, (Regent Damak, P. E. B.)
14. Djawa Tengah: R. T. A. Sosrodiprodjo, (Regent Wonosobo P. E. B.)
15. Djawa Tengah: R. M. A. A. Koesoemo Oetojo (Regent pansiou Djapara B. O.)
16. Djawa Wetan: Pangeran A. A. Koesoemo Joedo (Regent Ponorogo P. E. B.)
17. Djawa Wetan: R. A. A. Kerto Aniprodjo (Regent Pamakasan P. E. B.)
18. Djawa Wetan: R. A. A. Sejono (Regent Paseroean N. I. V. B.)
19. Djawa Wetan: R. P. Soeroso (S. I.)
20. Pasoendan: R. A. A. Djajadinigrat (Regent Batawi N. I. V. B. Pasoendan)
21. Pasoendan: R. A. A. Wirataktakoesoemah (Regent Bandoeug N. I. V. B. djeung Pasoendan)
22. Pasoendan: R. Otto Koesoemah Soebatra (Voorzitter Pasoendan)
23. Tanah karaton, P. Hadiwidjaja.
24. Soematra kelon: Jahja Batook Ka Demang Padaug Pandjang, lain P. E. B.)
25. Soematra Kaler Alimoesa: (doktor bewan Pematang Siantar, lain P. E. B.)
26. Soematra Wetan: Tjan aja noe kapilih, lautaran koedoe milih deui.
27. Soematra K. doel id.
28. Boineo: Teu milih, lautaran salih ngeusianana liist djeung elat datangna.
29. Tab sakito boektina. Djadi noe lain P. E. B. djeung I. E. V. teh, noe beuuang dianggap suoep ka kentja, ngau: "Walanda hidji (toean Kerkkamp), Priboemi 8 noe geus boekti, salab Soematra Wetan djeung kijoe! Tjan aja teu."
30. Antara noe dalapan teh nya eta di Pasoendan 3, Djawa tengah 1, Djawa Wetan 2, Soematra Kaler 1, Soematra Kelon 1.
31. Ti antara noe koedoe dipilih 38 (Walanda 15, Priboemi 20, Tiong Hoa 3) noe geus tetela Kaom Katoehos 28. Kentja 8. Noe doea deui nya eta Soematra Kidoel djeung Wetau! Ieu oge booa-boa engke P. E. B. deui bae

Di mana-mana pangaroehua kaum katoehos geus beuki ngoerangan. Di

Nagara Walanda oge. Di oerang masih keneh "overweldigeud" (geus teu aja bandingkeuneunana deui). Tapi lambat laen koedoe kana ngue-ranganana. Babakoena nomer hidji tergantoeung kuna boedi akaina kaom oerang teh, kana kagetolanana njieu oerang teh, noe matek taja kagadoer (miskin) tea oge, kabisa ngan moesapir.

Di Pasoendan P. E. B. geus teu bisa njangga poeha. Eugke laoen-laouen di neudje seui oge, pada noeroefan.

Moega-moega nateroesna Pasoendan sing bisa dipake tjonto, oslah nepi ka bantik deui keuna koe pangaroehua bangsa emas.

gian bangsa Asing (Europa), ngadjawab eta soealan katjida digampangkeunana, estoening kawas teu djeung pikiran deui atawa memang sangadha ngahina; taja deui pamanggihua ngan koe toedoehan "ngedoeel" bangsa oerang teh, noe matek taja kagadoer (miskin) tea oge, kabisa ngan moesapir.

Mindeng pisau sim koering ngade-

ng, dimana kabeneran aja pagawean-

auoe koerang panoedjoe saeutin, geus

taja tempo deui, djegek baé njarekan

nepi ka laklik dasar tea, dijiana

koerang poesna lamoen teu djeung

"babila-asias" sagala; kabiasaan kaua

ngesek-ngesekenn "si ngedoeel sia,

kabisa ngan ngaleboek djeung "mol-

pantes bangsa sia mah miskin oge

euweuh kagadoer" dj. s. t. ane mak-

soedua ugaborokotokeun? (Red.)

Hidji kajakinan, ti pilak sim koer-

ring rajat priboemi anoe kaasoep

koem boeroeh; peuleukeuk sat-

ker tanaga naumpik sataker tanaga

kana panoeding saroepta kitos teh;

sim koerig bisa njeboet ka noe coe-

ding kitoe "lolong mata, torek tjeuli",

karana: polotokkeun panon noe leu-

wih terang, geura awaseun, pasi-

pasir atawa geueoung-genoeng lae-

nang dipelakan palawidja, kekebonan

teh tapak saba?

Beukel S. S., bengkel palaboean-

fabric-fabrik mesin poeloi-poeloe-

riboe koeliua bangsa naon lolobana?

Sujoer-sajoeran sabau poé tingalasrog

ka gedong-gedong Walanda saha noe

dagangna, saba noe matjoeina?

Ngebluk ratoesan kebon tiwoe, on-

derueuning onderneming, naha koeli-

koeliua bangsa Amerika?

Keletrek-keletrek Tjina ngider da-

gang tjia noe ngabekoek naunggeorg-

ca bangsa naon?

Rajap di oenggal toko, hotel; ngab-

eoel ti oenggal gedong Walanda,

djongs éjeung babos, naha eta teh

baugsa luggris?

Pangmoedjoerna, pasosore resang

tingkeletrek tjia ngider dagang emih

(panggang) babi, noe ngareket nang-

geueuga nja bangsa eerang keneh

bab.

Tjing geura maranahan, koedoe-

koemaha kadaekna tangsa priboemi

teh, sakito taja hidji pagawean anoe

klaroeung, kono lamoen dibanding

(nikit) lana pagawean anoe sakito

garuleuh kepmeuhua mah, tapi teu

welih pinoh djeudjel bae koe bangsa

priboemi, kawasna jamoen bener bang-

sa eerang "ngedoeel" euweuh kadaek-

naal baa toeantoean Asing barogaean

djongs, kekki atawa taja ngareket

onderneming moal sakito galeda ka

entoengnanana, benar teu koerang

teh, sakito atawa taja ngareket

atoeh martabat kamanesisan aran-djén koemaha akaina soepaja sahar-kat oerang oelah boejeng teing?

Pikeun kajakinan, boekti-boekti anoe djadi katoegenahan, kaujerian bangsa pribomei, babakoena pihek kacem boeroch, tjaang boelan hinaan, ti pihek baugsa Asing; anoe satjere-welena di Hiudia kawas pada tingali, tjer djeung boektina anoe sah, saper-ti noe geus kadiadian di Soeban Ajam djeung Poelo Mandi tea, beuki lila beuki kapikir, ana inget aas kaseot teu daek poho; katambah deui komo koe kateranganan djr. Parta Amisena dina Sip. No. 30, anoe di lezingkeun dina Congres "Pasoendan" di Tjia-djoer tea, beuki bleg geus moal bisa dipongkir deui sakitoe terangna etjesna sikaan hinaan ti pihek doe-nengen ka bawahana (bangsa pri-boemi) teh.

Nlik keterangan djr. Parta, kawas lain karek ajeuna bae, lain di 2-3 tempat bae, djadi tangtoe pisan hidji atoeran noe loear biasa, geus di bia-sakeun keur ka bangsa pribomei.

Saroei kitoe, naon atoeh pikeun kapertjajaannan rajat pribomei; naon noe djadi katengtremen hatena rajat pribomei?

Pipanteseunana mah noe djadi rajat pribomei, koedoe ngeunuh angan-ngeunuh angeun, ngeunuh njandang ngeunuh njanding, tapi ieu mah es-toening aja dina pangaroeh (kakawa-saanana) noe sedjen; da mosnggoe-hing ki Djapan mah njemahua ka ki Toerki, sapoeloh kali belewoek ki Toerki, da pribomei, teu boeroeng bae ki Djapan ngadjenan, aja ingeta-nana moelang tarima. Tjenah aja kasalahanan atawa dosana, atoeh bereh bae hoekoeman anoe moeusa-bah djeung dosana, oelah dibere noe loear biasa, kapan bedjans dina wetna oge pikeun ngahoekoeman bangsa pribomei tjara kitoe mah, teu aja!

Sakali deni sim kuering ngadjerit teu soekana kana eta sikaan, hinaan bangsa kitoe; leungitkeun "katoege-nahan" rajat bimroeh leutik, berekapertjajaan katengtremen hatena rajat pribomei.

Sawian.

### Babarengan hiroep.

Oepami teu bilap dina Sipatahoenan aja karangan Djrg. S. M, tina hal "Djati kasih koe djoenti" alamatus reb djoenti sareung d'jati pada pareboot hiroep, koe naon noe matak nepi ka kasih teh atoeh?

Naha adi: oepama ngan ngahiroepan bae djiati, ari djoenti mah dipitjeun? Kanteenan adil tjeul djiati, moesug tjeuk djoenti meureun: Koe naon atoeh mana daek kasih, oelah sili sulahkeun anggoer hajoe oerang pada hiroep babarengan da manosa teu pada moro kana kasenangan, hanas djati njingkir-njingkir, bongan saha, da djoenti mah mah teu niat-niat." Djrg. S. M, oelah njamikeun Poelo Djawa sareung Itali, da ari P. Djawa mah tjetjan sami sareng Itall atau America, naha djoeragan bade njamikeun Wet moe-rangkah sareng sepoeh? atanapi njamikeun Wet di negara Europa sareng di dieu? Manga teu teuing oepami kaasiana sami mah!!

Naon marginia bangsa Tionghoa ka Hindia? Tina ngaraos jen aja lowongan baris manuehanana, oerang dieu siga teu aja kaua roepi-roepi pantjarian atoeh soekor, teroes bae ditjabak koe ki semab:

Eta tjenah da djeujeuh pinoech koe oerang Tjina, tanah-tanah tokoto-koto baugsa Asing bae, naha sah noe bogana tadina? da bangsa Asing mah teu ngatampas. Koe naon koe oerang dieu make dibikeunan ka oerang Tjina teh? Atoh bas noe aja, palelah, oerang Tionghoa mah, kase-nangan noe diteangan teh kapan, sanes?

Hanas lobu djalma noe ka Deli naha tina bawanzing kadeseh koe bangsa Asing kitoe? Eta deui koe bodo poegoe mah di Djawa ngoeploek-ngaplik tegal, di Priangan teu koeran, naha neangan tening noe djaoech, moen atoeh eta tanah-tanah noe kosong teh digrap koe mauehanana, tinimbang djeung ka Deli mah.

Naha enja pang inditna tina geus poetoes aja taja pitjabeukeun? Geuning aja, datang oerang Asing mah bias hiroep. Tjoli oepami oerang dieu parantos garadoeh harti lebah politi-keun hiroep koemboeh, moal doegi ka tiasa dibobodo koe toekang min-dring atanapi ngadjeol tanah ka bangsa Asing teh moal haripeut

teuing koe harga sakitoe.

Deui naha teu karaos jen bangsa noe tjampoer djeung sedjen bangsa djadi leuwib madjoe? Tioukok sa-raha patikelaneun madjoena sanggeus tembok "Bau Lie Tiang Shie" diboe-ka. Oerang poelo Djawa kapan geus meunaga roepa-roepa koedoe noehoen pangadjaran ti oerang Hindoo.

Oerang P. Djawa tjetjakan dibere tjenih koe bangsa Asing sakitoe lilana, geuning teu enih-enih.

Tjoba sakaleun oerang Tionghoa teu meunang ka lemboer-lemboer tea, naha oerang dieu noe daek djadi tangkoelak sampeu, atawa basil boe-mi noe sedjen, kapan sri koe oerang Tjina mah dadak sakala bae djalan, sarta toeoej hasil boemi teh aja hargane.

Oerang Soenda ongkoh marane-hana noe njarieun batik, noe marake-nya bangsana keneh, geuning naha aja di tanganna bangsa Asing, naha teu djalan kitoe zonder kapitaal bangsa Asing?

Seueur oerang Sd. noe mampoeh tapi ari kana ngamodal - ngamodal mah tajohna inggis, nja teu djalan.

Tjoba oepami parantos ngalalartos mah moal doegi ka dibikeun ka bangsa Asing. Montong tening distop sse padjengkeun heula bangsa sor-angau, engke ge teu kedah distop, kantenan moal daratang.

Deui eta di Goenoeng - Goenoeng geus pinoech koe kontrak-an-kontrak-an (Onderneming), bisa djadi da geuning koe oerang dieu dirantep bae, kapan seueur oerang oerang Sd. noe marampoeh, tjetjak ajeuna nadjan kadeseh, geuning tjetjan aja noe pa-unganggoeran sapetak-petakeun, atoeh bangsa Asing kari tjeug - tjeug bae. Saenjana mah kedah noehoen ka bangsa Asing, itoeng-itoeng diadjar bae, kitoe ujian pangoepa Djawa teh, cepama ten aja mah, meureun masih leuwung loewang-hiwoeng keneh bae moai waka bloek-blak pinoech kontra-kau. Jaktos tanah seep koe kon-trakan moeeng sabaraha "djiwa" noe ditoeloeng tina eta, noe meunang kahiroepan ti dinja.

Boekti jen oerang dieu leuwih resep kana "koeli-koeli" tibatan molah so-rangan, sanadhan boeroek koeli di-kontrak-an teh djacob kana pitjoe-koepen, tapi aneh teu daek ngakal tah koe eta oge boekti jen pisakoe-mahaueun teuing, lamoen taja bangsa Asing.

Oelah sieur, da henteu ngoesir, henteu ngalindih. Lamoen oerang Sd. tjeuk hiroep, doegi kaparindan, matak heran ari oerang Tionghoa djeung sadjabana ti eta bisa hiroep didieu!

Oerang Tionghoa moeroebot bae, ieu ge lantaran kabedjakeun didieu teh gampang dikenan njiar, kaberoe-pan" manu nepi ka dibelsan niuggal-keun roemah tanggana. Naha ajeuna ajeuna oerang Sd. parantos seepeun tanah koe kontrak-an-kontrak-an teh, lantaran harakna bangsa Asing ??

Oolah sieun ahong kena aja par-basa: "Djati kasih koe djoenti", mar-gi ajana paripaun kitoe tina rasanig-oerang Sd. keneh, tiasa djadi engke mah "Djoenti kasih koe djiati", oepami langkoeng binangkit mah, sa-nes ??

Tiong Hoa.

### Djoeragan-djoeragan Coe-roe Bantoe di Pasoendan.

Dina waktos ieu dina kalangan Goeroe, moeng oerang G. B. noe ka-etag ratjet teh, doepi marginia koe papisahna djadi doea bedan tea nya eta S. G. B. sareng P. G. B.

Oepami noe manahna kagoengan raoe jen enja Goeroe, pendidik, tang-toe moal mikeun atanapi "ngantep kana kaasjaan noe saroepe kitoe, tang-toe boedjeng-boedjeng ngilar" akal tarekah. "landong" baris ngoeharan sangkan oelah tepi ka kitoe, bilih aja matakna teur ka oemoem.

Djism koeing moal pandjang tja-toer, da kantenan sadja oge tangto parantos turingali sarta ngararaos.

Moeng bede ngahatoerkeun wawadi-seutik.

Djoeragan-djoeragan!

Ajeuna teu djamalan "Somah moer-ka", somah eungkert-eungkeut pipi-loeun oeloebioeng kana ngolah na-gara.

Tah S. G. B. oge nya eta koem-koelan G. B. noe dikamoedi sarta dissoeh koe G. B. deui, noe ngarasa-sarta ngarasakeun kana kaasjaan G. B.

Koe emeutan djisim koering dina golongan G. B., ajeuna teh dibagi 4 bagian:

1e Galongan P. C. B.  
2e , S. G. B.  
3e , bingoeng, nganti koe-maha djadina.  
4e , teu poegoeh (blanco), teu pipiloehun kaditoe, ka dieu, ngan ngarep tanaga deungeun.

Noe No. 1. sareng No. 2. parantos poegoeh keur digarawe.

No. 4 teu kedah ditjarious deui, ma-loemeun; moeng noe No. 3.

Tjik djoeragan mangga geura cesa-ha, oelah kadjongdjouan raos-raos tja-lit, oelah ngantep andjeun, sareng selau diantep, da moal piasaeun sri kikieuan salamina mah, emeutan sing lenjep.

Na teu lingsem, geura mangga tingali salahspur oerang djr.-djr. Goeroe desa geus boga koempoelan sorangan, noe dingaranan P. G. D. dikamoedi koe sorangan.

Ari teu oeninga, mah komo mak-sadna koempoelan ass sageuj, doeka oepami ngabodo bodo andjeun mah.

Engke dina boelan Poesa baris ngajakeun Congres, P. G. B. di Batawi, S. G. B. di Djogjakarta.

Tah tjik mangga geura bareunpag-keun dina Congres, soempingan Congres dinaanana, P. G. B.-S. G. B.

Oemoerna G. B. teh ± 20 taen deui, naha wakoe noe sakitoe teh bede dianggo ngados renjom? Deudeuh teuing intjoe boejoet G. B.

Soemahardja

### Kamadjoean Bogor

Noe parantos ngoembara di Bogor 4-5 taen katoekang oepami soem-ping ka Bogor ajeuna, tangtos nrao-ras pangling, tina seneur robahna pangpangna kaajaan kampoeng; dja-lan dijalanna beres, bereih da diaspal.

Lebah dieu pendoedok Bogor moe-dji pirang-pirang noehoen ka Ge-mente.

Kota Parijs netjis, tapi keur batoer, oerang mah teu, hisa njitjinan da mahal sewaanana.

Kota London, ngemplong, soeroep babaku panghoedang rasa, keur bangsa Walanda.

Limburg stirum weg, pangemoet, moet ka Toean Besar Limburg Sti-rum. Mimiti eta djalan ti pajoeueun karaton Toean Besar, moedoan, meng-kol melengkoeng, brasna ka Pasar Bogor (Patjinan).

Oepami parantos beres moal lepat ramena.

Maksadna Gemeente kota Bogor teh rek dilegaan, ngala ka beulah wetan (Kedengeng halang), tjeuk bedja mah Kaboepaten oge didinna piba-kaleunana teh.

Wah tjindekna rame bakalna teh. Tapi oerang kampoeng kapaksa njing-koer, da taunaha perloe keur batoer. Djadi rame, ngeunah teh keur batoer woengkoel, oerang mah ngan negelej tjeuk.

Djambatan Merah dirombak, dige-dean, noehoen ambeh babari liwat teu kadoepak mobil.

Toko-toko Djambatan merah maa-rakbak, oepami wengi asa di Bandung bae badis. Tapi soemoehoen, oerang mah nganbatu nendjo, toko aloes noe batoer, Arab anoe boga, barang-barangna pepek, toko bangsa Tjina.

Aeh aja keteh bangsa oerang oge dagang soto, dina djongko.

Sakola sakola;

Sakola Walanda 7. dj. H. S. C. 2. H. I. S. mami ngan 1, aja Schakel school, kitoe ge soesah, H. I. S. Ardjoena bukal N. I. T. B. O. O. Sakola kl. II 5, kagenep bukal, ka 7.

Kopechool (Pamoelangan Istri), anoe partikoelir, Kartini deui.

Ari keur kamadjoean Istri mah sakitoe go mahi heulaanan, ta-ki keur lalaki, saban taen moe-roe-doe anoe ditolak ka H. I. S. Ardjoena oge beakeun tempat.

Tjik kahajang teh tambahan deui 1. geura mangga bandingkeun — Boe-mipostra 7 : 2 : 1 :

Kahajang teh Djoeragan Gemeente mereloekeun kamadjoean rahajat, tja-ra di Batawi, tada teuing tarima ka-sihna, Pamaréntah oelah nganak te-rekeun, lain ari njirik wab ka Tiong Hoa, pedah geus boga g H. C. S.

Djadi Bogor madjoe teh keur ba-toer woengkoel.

Pasoendan!!!  
Heneuaaj!!! naha!  
Ah, doeka .....

Gado-gado.

### Lot PROTESTANTSCH WEESHUIS, SEMARANG

Hoofdprijs f 150.000— Tarikhja  
1 Juli 1927

Harga satoe lot:

11 35 kaloe kirim oewang le-bih doeloe atas 11.75 dengen rembours.

Terkingslijst di ki-ri-

rim pertjoema.

### Horlodji Gyma

ada sama haikja sama laen' merk jang terkenal, tetapi kita djoewal Cyma banjir lebih moe-rah. Tandinglah barganja:

### Horlodji kantong

nikkel af 10.—

" , 14.—

mas, enkelkast , 45.—

Chronometer , 55.—

Chronometer, mas enkelkast , 75.—

merk Enigma , 450.—

" Mysteria , 6.—

Horlodji tangan pesagi:

nikkel , 15.—

doublié , 20.—

Vulpenhouder moerah dan baik

pake pen dari mas 14 car.

merk Lugard . . . . af 3.25

Express . . . . 3.75

### ANC SIOE TJING

Slompretan 4, Soerabaya.  
Mintalah kita poinja prijscourant  
jang lengkep.

### Pagoejoeban Sagawe.

Meureun aja noe njarios, na per-kara pagoejoeban sagawe koedoe diaopekken kana Sipatahoenan, apan Sip. mah koedoe noe perkara oemoem, bae.

Jaktos perkawis pagoejoeban (vakvereniging) atanapi pergerakan sagawe (vakbeweging) henteu keuna kana kaperloean oenggal djelema, djiadi henteu oemoem pisan, nanging naon atoeh noe kaasop kana kaperloean oemoem noe saenja-enjana, "algemeen belang" noe jaktos keur kaperloean sadaja henteu aja noe kalaungkoeng keur awewe lalaki, kolot boedak, somah menak sareng sadjabi ti eta. Onderwijs (pangadjaran, sakola) manawi aja noe njebat perkara "algemeen belang" noe

dihareupeun djalma loba!  
Naha maksoedna teh hajang miteun kahormatan djaradi goeroe; soepaja djalma djalma oleh pertjaja ka maranehanana? Perkara kahormatan roepana teu koedoe dikorang deui, da gens euweuh, ngan kapertjajaan kahajang koering mah oleh nepi ka euweuhna, lantaran perloc pikeun kamadjoean (kamadjoean di dieu kedah dihartoskeun: in het belang van het onderwijs).

Djeungna deui asa teu koedoe goeroe dibinaken tening.

Naha tjeuk saha, goeroe-goeroe koerang adjar ka Pangagoeng djoeragan loerah? Geuning saer andjeun, "Malah aja hidji mantri goeroe noe gesus dilepas lantaran teu njaho di tata. Mantri goeroe mana noe gesus dilepas teli?" Djeung eta noe ditjariatakeun koe andjeun tea perkawis parentahina Pangagoeng (kahartoona koe koering pangagoeng di dieu dalam), soepaja di sakola-sakola dijadjarkeun deui tata bohoeon, koe keering ditaroskeun ka goeroe-goeroe kawoehan koering, tapi teu aja, noe oeningaeun. Ari andjeun koe seueur kaceninga (njanjahoan?)

Poenten bae djoeragan, sajaktosna mah rada teu pertjanten, ari margina robahan - robahan pangadjaran mah djolna teh sok ti Batavi, tjeuk warbos. Sarengna deui asa pirakoe, noe teu njarahoan di tata, kapantjenan koedoe ngadjarkeun tindak tandoek atoeh meurun saroea bae djeung djoeragan kuedoe ngadjarkeun basa Walanda.

Aloesna mah tjalik-tjalik bae, oleh njaratakeun noe matak teu kalaasti koe djalma bodo, Padieg bae kadinja oereskeun, bisi si Dadap si Waroe tjetjan malejar, sina ngagaradekaun iket ka ditoeh, bisi toenggak, gesus engke moal kaanggo.

Noematak djoeragan ngabinakeun goeroe-goeroe teh hajang disembah sembah? Teu ngabinakeun batoer oge moal matak leeb poelas-djoeragan.

Euluh itoe djoeragan koewoe ngagandueung angkat ka Tjikong, broek brek djalma darepa, teu njaho ngadioekan naon. de isiu koe menak. Doedoekoek tinggoeltoek, tipetjat henteu katewak, isiu aja mbuak angkat.

"Tas ti mana sia Aspawi?" da woehan menak, "Soemoehoen wang-eel ti pasar", Tjong njembah. Deuleuh itoe, tjooroe njolok liang iroeng, goegoep teuing, isin koe menak.

Kaaajaan noe siga kieu, noe disebat koe djoeragan "djaman Madja-pait teli?" Emot keneh djoeragan njaoerkeun, jen orang koedoe balik deui, ka djaman eta?

Heuuej . . . bet hajang seuri. Njeboet-njeboet baroedak kaloesan ti Mulo Kwischool teu njaho di tata kadjeun teuing aja kolot, ieu mah angekleng diua korsi, ari andjeun . . . majak djalma - djalma dibarandap kolot boedak, aki-aki aoe enggeus tjeuk hoeis sami pada ngariareuleusar . . . hih-hih, saha itoe noe oetjang-oetjangan dina korsi?

Noe matak koedoe ngaragap salira koe andjeun oge, djoeragan, bilih ka toena batoer, aja di awak orang sorangan.

Nja eta atoeh, koering mah noe matak tar daek njarita di hareupeun djalma ree oge, roemasa euweuh kanjaho; sok sieun salah ketjap, poegoeh biitung disebat bodas, saptos djoeragan. Geuning saer andjeun: "Oleh sirk cehah pidik ka pangkat (saha kitoe snoe sirk ka djoeragan?), lantaran eta djalma gesus katoeroenan wahioe.

Saoemoer njoenjoehoen hoeloe, kar-karangendeng aja wahjoe toeren ka djalma biasa. Lsin ka para Rosoel woengkoel ari toembana wahjoe mah? Para wali oge ngan oekoer katoeroean ilcham.

Itoeh taringali, Malaikat Djibril ngalajang njandak blaoeit hutoeraan djoeragan Loersah.

O. K.

???

Samboengan.

Emh, dendeh geulis, entjep oleh kapertjajaan geura tepeogen adje-angan, geura alap elmoena, geura ngalampahkeun agamaan; geuning dina/Sipatahoenan No. 82 pasal Aksara Arab . . .

Geura prak ajeuna, koe embah didjoeroeng lakoe mangkaning pondok

poeh, oleh beunang kagembang koe tjatoer batoer, kaelo koe omong kosong, sing kabita koe barta-harti; veraang mah toeroenau Islam, koedoe ngalampahkeun papagon Islam; oe-rang mah da cerang Soenda sing njah ka Pasoendan, geura embah boga goegoeritan oeroet noe njawer panganten baheula taoen 1900 keur embah ngora kieu pokna.

(SINOM).

Nja teh terah Pasoendan, meunang sib ti maha Soetji, didjak pigarwa bangsa, estoe oetoeng liwat saking, dipopoeri dipigalih, wadib dipoedja dipoendjoeng, di doenjan oerang goemelar, sing loeloes ngadjadi hidji, paribasa ka darat djadi solebak.

Kahajang salalawasna, nja oleh salah pikir, ngorang lakoe lampah zasar, teu migoesti ka salaki, lantaran boga pikir, noe dikemoe noe dilamoen, eta henteu hade pisan, bisi kabendou koe Goesti, kameelaan diganti koe kunitaan.

d. rea-reu deui: Naom noe djadi oerang, dina goegoeritan ieu?

Tane poen ka lochoer ka Sang Jang Ratoe, ka goesti noe ujakrawati, ratatau ka para pandita, bisi aja tjarek noe matak rehe, didjoengdjoeng koe paraloen, diteda pangampoerana, koe

Embah djeung Amboe.

N. N.

### Madjoena Toerki.

Aneh pisan, tjeuk hidji Corr. Le-comotiet, madjoena kabangsaaan di ieu repubiek, beda pisan ti nagara-nagara (wewengkon-wewengkon). Wetan noe sedjen.

Anoe djadi kabangsaaan reh anoe gesus beunta bisa turam ichtiar so rangan, hiroepna kabangsaaan di noe sedjen mah, anoe palinterna sok tjoel, malah sok teroos, ngadoaan ka Koe-lonan (anti-Westersch), tjara di Voor Indie tjenah noe paung teu panoedjoen na ka koelon teh anoe pungher-Westersch na, kitoe deui di doenja Islam noe sedjen sanggeusaan Ibn Saeed djadi rateo aja bae "anti" na teh, oge di Tiongho. Tapi ari di Toerki nah Samasakali henteu ieu teh.

Poegoeh ari tina hal politiek mah pangaroeh Koe-lon teh didjagaan anoe polaha tohagana, tapi sabalikna tina sedjen hal meh sagala roepa diteplak bae kaajaan Eropa teh, ngen reudeung djeudjeuhuan, disaring teu djeung gegedoh - gegedohna (tagorenganana). Ari anoe boga djeudjeuhan kieu teh, nja eta presidentna eta republik Moestapa Kemal, hidji nationslist anoe polaha toelenna. Mimitina ieu robahan teh prak didjalankeun, sanggeusaan Kemal dina tsuen 1922 ngaboeboerak bangsa Griek ti klein Asia nja harita timboelna doui kamerikan bangsa Toerki teh, poelih deui, boga kakawasan sorang tjara baheula birahi.

Perobahan (hervomingen) Moestapa Kemal enja dina wakoe ieu tajtan aseop kana sanoebarina noe djadi noe djadi volk kana gagal tangtoe engke oge djadi robah, moal koeat koeat conservatief (koeno) ngaluwanan.

Anoe ngahalang-halang toedjoean Kemal, moal "ja nuc wani, ningal noe gesus kadijian mah, saperti ti piyah "geestelijken" (kira-kira).

Anoe katimbang perloc didjalankeun pikeun ngahadean kana kaajaan volk, dipas-

sakeun bae diteroskeun, teu pisan

soemoreang kana toedjoean kaom

Conservatieneu, deng-deng bae. Sa-

peri: dilarang make fez (kerpoes

Toerki) djaba ti noe djadi kijai mah

atawa sarat kaoem awewe-awewe teu

perloc di beroeg, saperti baheula, dikoe-

deukeun make dungsanan Eropa ka-

ajeunakeun.

Ieu teh parentah nagare. Koe saliwat mah, ass' teu pira pisan. Tapi ari naenjana ieu teh robahan anoe pchara koe tina gesus manoeuh-maneuhua eta noe diganti tea. Apau pohara teu ngalimuhna, orang Toerki teu diketoe Istamboul, teu didjoehah, swewena ten diberego. Tapi teu boeroeng djalans boektina ajeuna mah oenggal hoeloe, noe beunghar noe maijarat pakeanana Eropa bae, ana gesus kieu pek atoeraan ujandoeng dileungitkeun Lalak reh ngau kaidinan ngawin hidji awewe. Ieu atoeraan moal bisa djalan djiwana,

tapi boektina, ngen djiga woengkoel.

Perkara harem moesna. Dina wakoe ieu gesus mangratoe-ratoes istri noe sarakola di Universiteit gesus rajap noe baroga titi: Mr. Mr. djaradi goeroe di sakola pertengahan djeung sakola loeboer djeung djaradi roepa-roepa ambtenar.

Kahareup tangtoe ngised deui bae: aksara Arab, anoe sakitoe aloesna koeno surta diagoengkeunana, tapi kendor, bese, matak kagok woengkoel, tangtoe diganti koe aksara Latin (Walanda). Djalan kareta djeung trem beuki namahan, auto djeung autobus tambah-tambah ngareaanana. Njieun kapal djeung kapal oedara gesus bisa koe sorangan, malah kahareup mah motor-motor djeung locomotif moal koe deungeun-deungeun. Perdagangan geus teu beda djeung Eropa.

Toengtoengna: Naha kira-kirana ka bareup madjoena kabangsaaan (nationalisme di kaom-kaom sedjen tanah Asia teh saperti kieu kaveh, kitoe?

### Congres Al India.

Meureun seneur keneh noe arimoet dina tsuen 1922 di Bandoeng di ajakeun Congres Al India,

Harita meh sakakeh koko-ijo-koko-djo pergerakan araja dina eta Congres. Katjida rengrengna koe eta Congres keur oerang Priboemi noe resep kaua kamadjoean Hindia katoet eusina mah.

Tatapi djisim koering katjida heran-na-nepi ka ajeuna teu ngadenge deui bedja iraha di oerang rek ngajakeun deui Congres noe sarepa kitoe.

Djaman katjida gantjang madjoena, taoen deui, beda deui, beda deui.

Pergerakan di oerang noe sehat sanggeusaan aja ngaramar kaom koemini djadi henesa koe pangaroeh kaom rectionnaire panghalang djelema-djelema noe teu njaho bener-bener di mana tempatan pergerakan kabangsaaan noe sehat rada sieun miloe kana pergerakan. Kaajan kien katjida gorengda sabab koe euweuhna pergerakan noe sehat keur djelema rea, djadi sarepa, djeung waloengan noe teu bisa ngotjor tjaina. Toengtoengna tjaina ngotjor ngalantrah teu poevoeh. Lain mere bamanpataan ka' mauossa tjai tjai noe kitoe, tapi mere karoegian Nja kitoe deui tanaga bangsa orang koe lantaran taja pergerakan noe diengtoen beres, djadi pikiran djeung kahajanga somah taja noe ngalempeng ngahidjikenu.

Diua ajana pergerakan oge sakitoe besena keur ngahidjikeun somah teh, komo deui dina euweuhna.

Koe ajana ugaraman koeminis tea djadi kaom pergerakan noe make dadasar kabangsaaan ajeuna rada bisa digawe djongdjon, lantaran kaom koeminis panoengtoenna rereana ditangkepan.

Ari noe make dadasar kabangsaaan mah kadijeun teuing sakoemaha gedo bedana kajakuanan oge, keukuh bae aja sarepanana. Djadi bedana teh ngen oekoer oempak oempakan (gradueel verschil).

Koering pertjaja ka Tosan Besar noe ajeuna bakal - ngahargaan ka pergerakan oerang Priboemi noe sehat. Boektina geuning keur Boedi Oetomo di Djogja dina boelan December ngajakeun algemeene vergadering T. Besar ngintoe Telegram njala metkeun sagala ka Hoofdpostuur Boedi Oetomo.

Tjing kahajang teh sakabe oerang Priboemi di Hindia noe resep ngamajoekeun rahajat sing kersa pahetjeuk leungeun dina sataoen sakali atawa

### ADRES noe paratos KASIHON

#### DAHJAN

Toekang Mas Roemah 18  
TASIKMALAJA.

Ngitakeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak, diamante prihodes, sareng nampi pademasan aperitos. Ngademel pending (band) pinggel penulis, soember, illipera, pademasan ditanggel sse sareng enggal.

Djabi ti eta ngitab roepi-roepi-rodhi sakoe, eriodit tangga, weker, dompet aliqas model anjar sareng seneur-seneur deui perhiasan mangga djeung-djeungan enggal saremping sse pades keusina.

— 10 —  
Tina Teatoestelling Tasikmalaja paratos kenging!

EEREDIPLOMA MEDALI  
MAS.

### Ngalih

Dina kaping 1 Januari paratos ngalih ti Tasikmalaja ka Bandung (Kadjaksaan 20).

#### Boekenverzendhuis

L. A. LEZER.

Prijscourant 1927 paratos ajagi.

### Toko Universeel Agetschap

### NIC MULLER

#### TASIKMALAJA.

Gocenoenglades 15 Telepon No. 26.

Sugala roepi obat-obat patent sareng seneur-seneur deni.

Kenging moendoet preskeran ten kedah ngagaleuh.

Kenging soempong ka toko anggo-eun niugalian barang-barang sareng pangaosna.

Kenging pesen sagala roepi barang dikintoen remboes.

Oepami bade nganggo bejaran njitip oge kenging asal tjeuk njandakna.

Sagala roepi kenging, asal nganggo oeroesan

Ngilari djelma anggoeun degang ngoeriling dina gorbag noe toko.

Kacoentoengan tjeuk, ngen noe dagang kedah masihan boreh sawah atanapi naon bae.

Hoermatna

### NIC MULLER.

### YO TEK SENG

#### (Toko PIRINC)

#### TASIKMALAJA.

Telf. 70.

### SERAT IDERAN.

Di soehoenkeun ka sadaja tjabang-tjabang Pasoendan, soepados kersa enggal ngintoekeun jaarverslagna, margi teu kinten perloena kanggo kaajaan versiag H. B. anoe bade dipidamel.

Sakali deui dioehoenkeun noe estoe soepados enggal ngintoekeun ka Dja. Wiriaatmadja adres Februari Alaydroeslaan 13, adres Maart saterasna Petodjo Kampeumentweg No. 19 weitevreien.

Kalawan asmane H. B.

De Secr.

Wiriaatmadja.

### Toko ROEKANTA

#### Lengkong

#### TASIKMALAJA

Kaos lampoe kompa moesrah, koeat 1. f 0,15.

Ketjap Banjoemas raoe 1 botol f 0,60

S

doea, tahoen makali mah ngajakeun vergadering pikeun njaritakeun sagala roepa kaperloean Hludia. Geuning di Hindia Inggris mah angger sigana teh ngajakeun Indian National Congress.

Bareto di Soerabaja geus ngadeg Comite National Indisch Congres dibagi-bagi djadi pirang-pirang sfidaing kajeneng National Java comite National Sumatra Comite djeung rearea deui. Tatapi roepana ieu Comite teu dieloekeun doeka koe naon-sababna.

Ajeuna noe keur rame teh di oenggal tempat noe galede ngadegkenn Studieclub. Di Soerabaja, Bandoeng Betawi geus ngadardeg Studieclub. Tab ketuwa moen sakabeh Studieclub noe aja ajeuna ngamimitian badmi oepama-na bae doea tahoen sakali ngajakeun Al India Congres. Tempatna pilikanti bae mimiti di Soerabaja oepama-na toeloej di Bandoeng, Batavia djeung sateroesna.

Dina eta Congres babakoena noe koedoe ditjaritakeun teh ngahidjina atawa babarengan digawena antara sakabeh pagoejoeban pergerakan. Tab soegan koe datang dina hidji waltoe toeloej dijadjar wawawoehan sakabeh oerang Hindia noe resep kana pergerakan soegan beuki tereh bissana babarengan ngahidji sakabeh pergerakan teh. Da ajeuna mah babarengan digawe antara pagoejoeban deui sigana teh katjida besona. Aja noe ten tjotjot saentik bae der-paseu nepi ka djadi matak moendoer pagoejoeban djeung pergerakan. Tjing khajangan teh oerang bisa silih eledad sili haraan kadjeun teuing tjeuk pikiran oerang eta teh salah, tapi oelah waka dipabitoetkeun. Lain djisim koering njaram bcga kajakinan (vertuiging) soraugan mah. Ngan sing sabar oelah sok ugagoege napsoe.

Mangga para djoeragan maranahan iraha kinten-kintenna tiasa aja deui Congres Al India!

#### Journalist model baoe.

Lain salah tjtak ieu teh, bener teu koedoe make r. Bareto djoeragan Atma Redactoer Sipatahoenan didebat koe noe sareungit, lantaran sigana aja karangan dina Sip. noe teu ugenuan keur sabajan rahajat. Doe seungit ditambahkan koe pelor batoe t sisil balong, toekangeun beberes rek ngotoran. Ajeuna djoeragan Soetisna Sendjaja Redactoer Sipatahoenan meunang serangan ti Journalist model taOEAE. Pinoeh di tepas, medja, korsi, panto bilik koe noe sareungit. Moal kila deui oge poelisi meunang katerangan, sabab boemi djoeragan Sestisna tjaket ka taugsi Veldpoelisi djeung ieu kadjadianana dina malem Kemis tanggal 16 Februari 1927 meunang taugal 15 boelan Rewah, ojadi keur tjang boelan.

Model, model, nepi ka kitoe!

## KABAR

(Tina s. k. Walanda)

Doea militer ti Loebok Miktooran mawa doe tangkepan. Di hidji waroeng eta doe tangkepan menta dahar sarta beienggoena diboepra. Ti dinja toeloe salan sapidji, tangkepan ngaroneut peso toekang waroeng sarta duteblekkena ka militer tea. Noe hidji tatos dina leungeun noe hidji deui dina gigirna. Doe ngajinek dibedil maot.

Sakabeh noe dina boelan November mitre riboet ngahantem resperse koe bandraad di Batavia geus dibero boekoeman, lantaren manehan djeung ngataman. Amsir bin Alibilli dihoekeum 16 tahoen, Djoeuhari 18 tahoen, manehna maling pistol sagta, mogugkir, Rasidi 16 tahoen, Moehamad Ali 16 tahoen, Moehamad bin Saafa 18 tahoen, enteng lantaran katumbang tgora zeneh. Oesin djeung Oesman koe lantaran ngakos diboekeum 12 tahoen. Kabeh hoekemannna dikeerangan koe waktue ditahan di boei.

Bandjir gede di Martapura (Borneo) tanggal 7 Februari. Djalan post di Stamboel nepi ka Pengiroean pandjangna 16 K. M. takerueun. Hidji sasak roeksak. Kapala distrik djeung sokoelawargana djeung sabagian oerang dinja laloempat ka lohoeper pasir.

Koemisi pikeun netepkeun tataninganana doeit. Pamarentah djeung Locale ressorten kamari ieu tas vergadering. Dina eta Vergadering ditjaritakeun perkara advies eta koemisi.

Advies noe bakal disanggakeun ka Pamarentah siga-sigana kieu: Padjeg verponding padjeg harta benda djeung

padjeg moteng (meuntjut) bakal dipasrahkeun ka Locale ressorten (Koepaten djeung gemeente).

Locale ressorten ka bareup moal dibere piteloeng-djeit noe sedjen deui koe Pamarentah.

Tatandingan doeit Pamarentah djeung Provincie advies koemisi ta-tjan tetep. Ngan siga-sigana katoeran-ganana begrooting Provincie bakal ditimpak dijeben koe Pamarentah, sarta cenggal tahoen eta soembangan ti Pamarentah bakal ditambah 5%.

Djaba iti eta Provincie beunang ngajakeun padjeg noe sedjen pikeun provincie.

Genoeng Merapi di Soematra basiir koelon bitos ngan teu cabaraha gedena. Genoeng Merapi di Djokja oge bedjana rada gede ngeboelna.

Gemeenteraad Semarang narima voorstel pikeun ngangkat opat Wetbouder make toelage f 175 saerang dina saboelan.

"Mataram" meunang bedja jen di tanah karaton (Versteelanden) sanggeus sia robahan, paparentahan bakal aja Raad nagara (Rijkeraad) dikapalan koe Assistent-Resident.

Dina kwartaal kaopat tahoen 1926 diajakeun Cursus mantri malaria, diungkosan koe Locale ressorten. Lilana dijadjar 4 boelan. Doe sarakola tina 30 aja  $\frac{2}{3}$  na noe meunang eksamen-

Kabeh geus baralik ka satempat-tempatna. Dina tahoen ieu kwartaal katiloe eta cursus rek diajakeun deui. (Aloesa mah sakabeh Kaboepaten djeung Gemeente ogirim ka eta cursus pikeun mantri malaria sabih di Hindia mah tempat mana noe euwuh panjaket malariaan. Koemaha Tasik?

Toean 'Besar tanggal 5.2.1927 djengkar ka Tapanelli. Di djalan pada ngahormat. Di wates Tapanelli aja sarodie Resident, koetrolir djeuang Kapten mapag T. Besar. Di Kota Nopen T. Besar dihormat. Kapala nagara djeung djelewa-djelema ngajadjar di sisi djalan 2700 moerid nembang pajoeuneun G. G. Ti dinja ladjeng T. Besar ka Padang Sidem posean ningalian tempat malaria (kampong).

Kapala koeria njanggakeun moeding ka T. Besar ditampi ditjepeng tambangna Gaparantos toeang ladjeng ka Siboga. Di jaluan-djalan militir rea noe ngadjinga, lantaran aja kabar bakal aja kariboean diua wakte G. G. soemping ka Siboga, sareng Batang Terong.

Moerid-moerid kapala-nagara ngajadjar di pakarangan Karesidenan Kapal perang "Zeven Provincien" na-beuh marieng tanda ngahormat.

750 sakitan di boei Soerabaja mngok emboeng digawe. Kapalana mngok Marsiman djeung noe sedjen deui ditoeptip di kamar boei diuvere sangee djeung tji woengkoel.

Di Bandoeng rek diadegkeun boei keur noe terpeladjar. Ongkosna kirikita satengah malioen roepia.

Begrooting tambahan Hindia koe Minister dikirimkeun ka tweede Kammer.

Rijksdag di Djermani datina motie kajertjaan ka Minister minister aujar 235 moepakat 174 henteu.

Pagoejoeban Student Student. Tionghwa di Beliun ogirim telegram ka Gandhi djeung Tagore di Hindoeun soepaja protest ka Pamarentah Inggris lantaran halad ti Hindoeutan dikirimkeun ka Tiongkok.

Kapal perang Djepang Teuruju djeung opat kapal perang leutik mawa militir hidji divisie diparentah ka Sasebo. pikeun handjat di Sjanghai di mana perloeng.

Di Tientsin dina hidji poe aja hidji koeli baungs Tionghwa noe dilopas koe T. Thomas bangsa Inggris Direktor publik alkitip. Ti dinja noe dilepas ngadjak ka 35 koeli mogok. Thomas didebetkeun kana taneuh sarta rek diteungeulean.

Mendingna katoeloekeun koe poelisi Sib-waker.

Ieu sigana pagawean Kau Min Tang.

Tahoen 1928 Kantoor van Arbeid

di Batavi bakal ditambah bidji inspectoer. hidji kontrolir djeung arbeids inspectie bakal ditambah 4 inspekteur sarta bakal njoba-ujobsa ngajabeun kontrolir pagawean bangsa Fri-boemi.

Di Paok Sembilan (Padang) kampangih deui 5 bom. Sigana leu bom didijenuna di Padang-Pandjang.

45 Koeminis ti Semarang djeung 17 koeminis ti Soerabaja noeroetiekun bisloet G. G. diboeang ka Digoel girang.

Toean J. H. Doeve Resident Kediri poepoes di roemah sakit Darmo Soerabaja.

Toean A. B. Cohen Stuart Secretaria Volksraad diangkat djadi Adviseur Decentralisatie.

Roemah sakit noe lolong (blindenkliniek) Dr. Jap di Djojja kameriu diboepra sarta dipestakeun koe Toean Resident Djogja Jasper

Kontrak antara Belgie djeugg Nederland siga-sigana koe Eerste Kamer di Nederland moal ditarima.

Rea bangsa padagang galede di Nederland ngirimkeun rekes ka Eerste Kamer soepaja eta rarantjang kontrak oelab ditarima.

Pamarentah Belgie katjida handjakeleuuna oepama kontrak Belgie Nederland teu ditarima. Oepama nepi ka teu ditarima Pamaregtah Belgie rek menta toeloeng tina ieu perkara ka Volkenbond.

Di Hongkong ajeuna actie pikeun ngabaekot sagala roepa noe asal ti Inggris. Serdadoe Tionghwa njebarkeun di kota bagian Inggris embaran, kieu eusina: "Njingkah imperialisme Inggris soepaja Hongkong djaui kota noe ditiuggrakeun. Oelah aja perhoeboeugan kahiroepan djeung Inggris!"

Di Hull (Inggris) aja kareta expres diadoe. 12 djelema noe maot. Ind. Courant.

#### Wartos Administratie.

Soegri noe teu atjan ngintoenkeun artos langganan kwartaal le. tahoen 1927, disoehoenkeun soepados enggal nohonan kamistianana.

Adm. Sip.

Schoenmakerij en Klaasmakery  
"Malah Mandar"  
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tissa nampi pesenan (kengkenas) ngademel roepi-roepi raksoken anggoena pameget atanapi moerangkalih modeina tissa obemoetiekun sakomaha kapala, sareng njajagikeun roepi-roepi la-woma.

Oge njajagai slop-slop, sendal-sendal spate-spate ketoe edeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boelodroe noe kaser sareng noe zae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen O. Sasmita.

N. S.  
Toedong Panama  
noedidamel tina palm 1.8.—  
" " " djak 2.50  
strobo (panoelastan) 2.05

#### Al-imtisal

Serat chabar basa Soenda diboekeun kaloeer wasih 2 kali njarokoaun agama Islam (woengkoel), diserat koe hoeceh Walanda iwal dalil-dalilna.

Pangao langganan Pangao advertentie pikeun di Hindia  $\frac{1}{2}$  krtja . . . f 4.—  
3 Sasih . . . f 1.20 . . . f 2.—  
leear Hindia  $\frac{1}{2}$  . . . f 1.25 . . . f 5.—  
8 Sasih . . . f 1.80 . . . (dimoet sakali).  
dibayar ti pajoen . . . . .

Padamelan atanapi barang dagangan anoe dimoet dina advertentina, tangtos bas enggal masheerna enggal ka-oeningana koe djalimi seueur margin: Al-imtisal prantos, gadooh langganan tjeuk seueur.

Noe ngadjeng Adm. Al-imtisal  
di Stationweg  
TASIKMALAJA.

Toko en Drukkerij Pasocdan  
Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pangadjaran sakola sakola sareng asosan sepoeh anom.

Nemte medal wawatjan Angling dharma f 1.75  
W. W. Sadjarah K. N. Moehamad (ngamanah 10, ongkos vrij) f 0.25

Goeritan sakola f 0.06  
Neng Hajari f 0.50  
Paririmon sepoeh f 0.15  
Biantara Democratie f 0.12  
Batararama 3 djilid f 1.50  
Djabi ongkos ngintoenkeun.

#### Hatoer oeninga!

Toko Soenda midamef babakan, tebhina ti Aloen Aloen Tasikmalaja, nganggo delman  $\frac{1}{4}$  djam, karetta mesin  $\frac{1}{2}$  djam, auto  $\frac{1}{4}$  djam, matah ka telahna oge Babakan Soenda bas, ieu Babakan di damef tempat pikeun pleiran, goena kasenangan sareng sport, disajagkeun roepi-roepi kaamengen, di sitos njandong roepi-roepi parahoe, ti alit doegi ka noe ageung, malah aja noe kenging dianggo sapamili, katiatan 24 panoempang.

Ngawitan dina ping 7 Februari 27, prantos kenging dianggo pelesiran, sajagi Buffet iasa kenging roepi-roepi katoeangau, sareng leuseutin, oepami anow bade lebet, kedah majar ente 10 cent, pikeun sagala bangsa, noe njandak karetta mesin, di sajagi-keun tempat moeng kedah meser nomer  $\frac{1}{2}$  cent, soepados celah itjal sareng ngagampilkaun ka Pangoeroes.

B. S. A.

#### TECELFABRIEK

#### N A J A

Goenoengsabeulah  
TASIKMALAJA.

Midamel roepi-roepi tegel. pangao sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.

#### Bekendmaking.

Op den 1sten Maart a. s. v. d. zal gelegenheid bestaan te Tasikmalaja in de 2de H. I. S. het zoogen: "Kleinambtenaars-examen" af te leggen.

Aangif op zegel met de noodge stukken vóór 27. Februari a. s. in te dienen bij den Resident van Oost-Priangan te Tasikmalaja ter wiens kantore inlichtingen te verkrijgen zijn.

#### Milari langganan.

Oepami djoeragan noedjoe teu damang lantaran soengkawa manah, oelah lali kana boekoe wedalan Boekhandel en Uitgeverij "Tjikiray" sapertos:

Waw. Ardjoenawidjaja	•	•	•	•	f 1.—
Waw. Kiamat Leutik	•	•	•	•	f 0.80
Tjarios Pegat toendangan	•	•	•	•	f 1.10
Hojong kagoenghan garwa noe anom	•	•	•	•	f 0.50
Waw. Angliugdarma I	•	•	•	•	f 1.75
Waw. Angliugdarma II	•	•	•	•	f 1.50
Waw. Naraka Doenja	•	•	•	•	f 0.40
Djoenablah pangaos ongkos ngintoen rembours	•	•	•	•	f 6.55
Pangaos sadaja	•	•	•	•	f 8.—

namoeng oepami djoeragan ngiutoen postwissel f 4.— taungtoes eta boekoe sadajana dikuitoen franco doegi ka boemi djoeragan. Ieu atoeran kangege reclame moeng doegi ka sasih Maart '27 bae, sulangkoengna kedah pangaos biasa.

Noe ngantos-ngantos pesenan Boekhandel & Uitgeverij TJIKIRAY Soekaboemi.

#### Toko Boekoe

#### WEBER